

Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan



Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan se lè yon lòt moun pran desizyon konsènan swen sante w. Grasa Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan, ou ka chwazi yon moun ou fè konfyans ki pou pran desizyon medikal pou ou menm. Yo rele moun sa a **ranplasan** w. Ou kapab chwazi ki moun ou vle oswa ou pa vle vin ranplasan w. Manm fanmi ki pi pwòch ou (pa egzanp: mari oswa madanm, pitit, oswa paran) vin ranplasan w si w pa chwazi yon moun ki pou ba w sipò. Yo rele lwa sa a **Lwa Ranplasman nan Swen Sante**. Y ap pataje enfòmasyon sa yo ak doktè w.

Ki kote mwen ka itilize sipò sa a nan lavi m?

Tablo ki anba a montre egzanp sou fason ou ka itilize Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan.

Lajan

Ranplasan w lan pa kapab pran desizyon konsènan lajan w. Ranplasan w lan pa responsab pou fakti medikal ou yo.

Swen Sante

Ranplasan w lan kapab:

- Gen aksè nan dosye medikal ou yo
- Diskite sou swen medikal ak opsyon yo avèk doktè w yo
- Pran desizyon konsènan tretman ak pwosedi ou resevwa

Lekòl

Ranplasan w lan pa kapab pran desizyon konsènan lekòl ou.

Lavi Prive

Ranplasan w lan pa kapab pran desizyon konsènan lavi prive w.

Lojman

Ranplasan w lan pa kapab pran desizyon konsènan lojman w.

Lavi apre lekòl segondè

Ranplasan w lan pa kapab pran desizyon konsènan lavi w apre etid segondè.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). *Pran desizyon pa mwayen yon ranplasan*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.

Plis enfòmasyon sou Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan

Kiyès ki pran desizyon?

Gras a Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan, yon lòt moun ap pran desizyon medikal pou ou. Ou ka di ki moun ou vle ki pou pran desizyon pou ou.

Èske yo mande yon odyans nan tribinal pou Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan?

Non, yon odyans nan tribinal pa obligatwa lè w ap chwazi yon Ranplasan ki pou Pran Desizyon.

Èske ou ka chanje Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan an? Si se wi, kiyès ki ka fè sa a?

Yo mete enfòmasyon sou Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan nan yon Enstriksyon Medikal Alavans. Ou kapab chanje Enstriksyon Medikal Alavans ou an nenpòt lè, swa vèbalman oswa alekri. Pou ou chanje Enstriksyon Medikal Alavans ou an, ou kreye yon nouvo dokiman ki gen chwa medikal ou mete ajou yo. Apresa, siyen fòm ki ajou a epi mete dat sou li epi pataje l ak founisè swen sante w yo ak sipòtè w yo.

Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan?

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan se yon chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

Ale sou <https://delcode.delaware.gov/title16/c025/index.html> pou ou jwenn plis enfòmasyon konsènan Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan. Ale sou <https://dhss.delaware.gov/dsaapd/advance1.html> pou ou telechaje yon kopi fòm Enstriksyon Medikal Alavans lan.

Se Konsèy Andikap Devlopman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwòjè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). *Pran desizyon pa mwayen yon ranplasan*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.